tarıyxıy sananı tek ǵana xalıq, millet, yamasa shaxsqa tiyisli dew múmkin. Ózbek filosof alımı J.Tulenov tarıyxıy sananı bılayınsha túsindiredi: "Tarıyxıy sana ilgeri júz bergen tarıyxıy waqıyalardı ózinde sáwlelendirgen hár túrli derekler, buyımlar áwladtan-áwladqa miyras bolıp ótip tarıyxımız hám mádeniyatımızdı úzliksiz támiyinledi. [5]. Alımnıń joqarıdaǵı táriypine eki sózge itibar beremiz, social topar hám social klasta tarıyxıy sana bolıwı múmkinbe, eger bolǵan taǵdirde ol qanday hám nede kórinetuǵın boladı? Bizdiń pikirimiz boyınsha aytılǵan túsinikler jámiyet hám millet shaxstıń dúnyaǵa kóz qarası ámelde boladı, social topar hám klaslar tarıyxıy sana hám tarıyxıy qádiriyat túsiniklerin óz mápleri kóz qarasınan biledi hám de bunnan paydalanadı. Tarıyxıy sananı bslawısh klass oqıwshılarına túsindirgende olarǵa sabaqlıqta berilegen temalar arqalı olarǵa túsinikler beremiz. Bunda oqıwshılarǵa tarıyxta jasap ótken ata-babalarımız, tarıyxıy miyraslarımız haqqında túsinikler berip ótemiz. Xalqımız arasında jasap ótken ullı tarıyxıy shaxslar olardıń islegen mártlikleri haqqında oqıwshı jaslarımızǵa qısqasha túsinikler berip ótiwimiz kerek. Bul ushın oqıtıwshınıń ózi de tarıyxıy sawatlı ustaz bolıw kerek, hár sabaqta oqıwshılarǵa sol ullı insanlar haqqında aytıp tursa olarda tarıyxqa degen súyishpenshilikleri artadı. Ǵárezsizligimizge erisken dáslepki waqıtlarınan baslap ózligimizdi ańlaw milliy qádiriyatlarımıdı qayta tiklewge bólek itibar qratıldı. Bunnan gózlegen birden-bir maqset bolsa erteńgi kúnimizdıń iyeleri bolǵan jaslardı joqarı intelektuallıq intalı, barkamal shaxs etip tárbiyalaw bolıp tabıladı. Jaslardı patriotlıq ruwxın oyatıw bárinen burın olardıń ruwxıy dúnyasın qáliplestiriw máseleleriniń qánshelikli nátiyjeli sheshiliwine baylanıslı. Sol sebepli de házirde jaslarda tarıyxıy sana hám tarıyxıy qádiriyattı qáliplestiriw mashqalasın úyreniw aktual bolıp qalıp atır. Áne sol jolda babalarımızdıń bay ilimiy miyrasları hám tarıyxıy qádiryatları zárúrli áhmiyetke iye bolıp esaplanadı. Baslawısh klass oqıwshılarında watanǵa muxabbat, ulıwma insanıylıq etikalıq ruwxıy qádiryatlardı sińdiriw, milliy ózligin ańlaw, miyrimli, hujdanlı, miynetkesh etip tárbiyalaw da milliy sana jáne onıń tiykarǵı strukturalıq elementleri bolǵan tarıyxıy sana hám tarıyxıy qádiryattıń róli úlken bolıp, olar úlken áhmiyetke iye boladı. Oqıwshılarǵa tarıyxtı úyretip barıw menen qatar olarǵa sanasına watandı súyiw, ulıwma insanıylıq pazıyletlerdi, etikalıq-ruwxıy qádiryatlardı sińdiriw, milliy ózlikti ańlaw, mehirli etip tárbiyalaw, hujdanlı, ar-namıslı, miynetkesh etip tárbiyalawda milliy sana jáne onıń tiykarǵı strukturalıq elementlleri bolǵan tarıyxıy sana hám tarıyxıy qádiryattıń ornı úlken áhmiyetke iye. Baslawısh klass oqıwshıların jaslıǵınan baslap joqarıda aytıp ótken hám aytılmay qalǵan tárbiyalar boyınsha kamalǵa keltirsek bul jaslardan keleshekte joqarı dárejedegi intellektual shaxstı jetilistirgen bolamız, bunday jaslar xalqı ushın janın pida etetuǵın márt azamat insanlar bolıp jetilisedi degen neyettemiz. Oqıwshılardı klastan tıs waqıtlarda tarıyxıy waqıyalar júz bergen jerlerge, estelikler ornatılǵan orınlarǵa alıp barıw olarda tarıyxıy sezimlerdi ele de kúsheytiw hám ótken ata-babalarımızdan maqtanısh seziw tuyǵıların asırǵan bolamız degen niyettemiz.

Juwmaqlap aytqanda, tarıyxıy sananıń qáliplesiw processi quramalı hám bir-birine tásir etiwshi kóplep faktorlarǵa baylanıslı. Atap aytqanda, balada tarıyxıy sananı qáliplestiriwdiń ayrıqsha ózgesheligi millettiń kóp mádeniyatlı quramı menen belgilenedi. Hár bir jámiyet jeke tájriybe hám úyreniw tiykarında qáliplesken óz qádiryatları, diniy dástúrleri hám mádeniyatına iye. Baslawısh klass oqıwshılarınıń tarıyxıy sanasın túrli faktorlar tásirinde qáliplesedi. Usınıń menen birge onıń jaǵdayına birinshi náwbette pánlerdi oqıtıw processlerinde hám klastan tısqarı shınıǵıwlarda alınǵan bilimler tásir etedi, olardıń obektivligi hám isenimligi mektep sabaqlıqlarınıń mzmunında, oqıtıwshılardıń pozitsiyasınada baylanıslı, sebebi mektep oqıwshıları oqıw processlerinde derlik tarıyxıy materialdan paydalanbaydı. Tarıyxıy sana qáliplesken, ózin jetilisken dárejesine jetken bolsa, tarıyxıy qádiryat, shaxs, xalıq millette joqarı dárejede kórinedi. Baslawısh klas oqıwshılarına ótilgen hár bir qızıqlı tarıyxıy waqıyalar oqıwshılardıń sanasında jaqsı saqlanıp qalıwı, sonday-aq kóz qarasın rawajlandırıw menen birge dóretiwshilik qábiletin asırıwǵa xızmet etedi. Bslawısh klass oqıwshılarında tarıyxıy sananı qliplestiriw boyınsha pedagogikalıq tárepten úyreniw, tarıyxıy sananı qáliplestiriw komponentlerin anıqlaw, oǵan tásir etiwshi faktorlardıń tásir dárejesin belgilew sabaq hám sabaqtan tısqarı shınıǵıwlarda oqıwshılarda tarıyxıy sananı qáliplestiriw usıllarınan paydalanıw, baslawısh klass oqıwshılarına tarıyxıy sananı qáliplestiriwge baylanıslı oqıw materialların jetilistiriw maqsetke muwapıq boladı.

**Ádebiyatlar**


1. Karimov I.A. Vatan ravnaqi uchun har birimiz masulmiz. 9-jild. -T.: «O'zbekiston» , 2001. 438- b.
2. Xoshimov K., Nishonova C., Xasanov R. Pedagogika tarıyxı. -T: «Uqituvchi», 1996, 446-b.
3. Raximov R., Fayziyev F. Yoshlar dunyo qarashi shakllanishida tariyxiy xotira. –T.: « O'zbekiston», 2008. 18- b.
4. Abdullajonova D. Tarixiy ong va tarixiy xotira. // Falsafa va xuquq .-Toshkent: 2004. № 2, 83-b.
5. Tulenov J. Qonun falsafiy tushuncha sifatida. -T.: 1959.



**REZYUME.** Maqolada tarixiy ongni shakllantirishga qaratilgan tushunchalarning mazmuni, nazariy asoslari, tahlillari keltirib o`tilgan. Ta'lim-tarbiya jarayonida o`quvchilarning tarixiy tafafakkurini shakllantirishning rivojlantirish bosqichlar hamda tarixiy ong haqida fikrlar taqdim qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье упоминаются содержание, теоретические основания и анализ концепций, направленных на формирование исторического сознания. В процессе обучения представлены этапы развития формирования у учащихся исторического мышления и представлений об историческом сознании**.**

**SUMMARY.** The content, theoretical foundations, and analysis of the concepts aimed at the formation of historical consciousness are mentioned in the article. In the process of education, the development stages of the formation of students' historical thinking and ideas about historical consciousness are presented.


## INFORMATIKA SABAQLARÍNDA OQÍWSHÍLARDÍŃ BILIMLERIN BAHALAW FORMALARÍ HÁM USÍLLARÍ


**Q.A.Turmanov –** *tayanısh doktorant*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** baholash, baholash tizimi, formativ baholash, summativ baholash, rasmiy baholash, norasmiy baholash, joriy nazorat, mavzuli nazorat, oraliq nazorat, yakuniy nazorat.

**Ключевые слова:** оценивание, система оценивания, формативное оценивание, суммативное оценивание, формальное оценивание, неформальное оценивание, текущий контроль, тематический контроль, промежуточный контроль, итоговый контроль.

**Key words:** assessment, assessment system, formative assessment, summative assessment, formal assessment, informal assessment, current control, thematic control, intermediate control, final control.


Mámleketimiz bilimlendiriw sisteması tez pát penen rawajlanıp atırǵan bir dáwirde keleshegimiz dawamshıları bolǵan jaslardı, olardıń bilim hám kónlikpelerin shet el bilimlendiriw standartları tiykarında qáliplestiriw,

zamanagóy talap hám anıq kriteriyalar boyınsha bahalaw sistemasın jetilistiriw búgingi kúnnıń eń aktual máselelerinen biri esaplanadı.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2022-jıl 11-mayda "2022-2026 jıllarda xalıq bilimlendiriwin rawajlandırıw boyınsha milliy bağdarlamasın tastıyıqlaw haqqında"ğı PF-134-sanlı pármanı qabıl etildi [1]. Bunda, tómendegiler rawajlandırıw bağdarlamasınıń tiykarğı bağdarları etip belgilengen:

-mektep tálimine aldıńğı xalıqaralıq tájiriybeler tiykarında islep shıǵılǵan Milliy oqıw bağdarlamasın tolıq engiziw, jergilikli hám shet elli qániygeler tárepinen jaratılǵan zamanagóy sabaqlıqlardı ámeliyatqa engiziw;

-ulıwma orta bilim beriw mákemelerinde ruwxıylıq hám tálim beriw jumısların sistemalı shólkemlestiriw, úzliksiz monitorıng qılıw, bahalaw hám prognozlaw mexanizmlerin jolǵa qoyıw, bala tálim-tárbiyasında shańaraq, ásirese, ata-ananıń ornın arttırıw;

-ulıwma orta bilim beriwde barlıq maǵlıwmat almasıw processlerin xalıq bilimlendiriw sistemasın basqarıwdıń birden-bir programmalıq kompleksi arqalı ámelge asırılıwın hám de bul tarawda elektron húkimet xızmetleriniń kólemin keńeytiw.

Sonıń menen birge, pármande pedagog kadrlar hám de oqıwshılardıń bilim hám kónlikpelerin bahalaw nátiyjeleri boyınsha anıqlanǵan boslıqlardan, ata-analar, ekspertler hám basqa shaxslardıń usınıslarınan kelip shıǵıp, Milliy oqıw bağdarlamasın turaqlı túrde rawajlandırıp barıw belgilep qoyılǵan.

Búgingi kúnde bilimlendiriw sapasın bahalaw boyınsha xalıqaralıq tájiriybelerdi úyreniw, ámeldegi sistemanı salıstırıw hám hár tárepleme analiz etiw, tiyisli bağdardaǵı xalıqaralıq hám shet el shólkemleri, agentlikler, ilimiy-izertlew mákemeleri menen jaqınnan sheriklik qılıw, bilimlendiriw sapasın bahalaw boyınsha xalıqaralıq joybarlardı ámelge asırıw, zaman talaplarına juwap beretuǵın múnásip milliy bahalaw sistemasın jetilistiriw úlken áhmiyetke iye esaplanadı

Bahalaw - bul qanday da bir nárseni bahalaw. Oqıw haqqında gáp ketkende, oqıwshılar bilimlendiriw mákemesi tárepinen bahalanadı, olardıń oqıw grafigi, olardıń túsiniw dárejesi hám rawajlanıwı analiz etiledi. Sonıń menen birge, ol keyingi oqıw materialların joybarlawda járdem beredi.

Eń dáslepki bahalaw Germaniyada payda bolǵan. Ol úsh ockodan turǵan, hár qaysısı razryadlardı bildirgen. Usı razryadlar arqalı oqıwshılar ayrıqsha, ortasha hám pás bolıp bólingen. Waqıt ótip ortasha razryadlardı eki klasqa bóledi, sebebi oqıwshılardıń kóbisi usı razryadta bolǵan. Usılay etip bes ochkolıq shkala payda boladı.

Rossiyada birinshi ret 1737-jıldan baslap bilimdi bahalap baslaǵan. Bahalaw ol waqıtta sóz benen, yaǵnıy "jaqsı-jaman" mánileri sheńberinde bolǵan. Keyingi waqıtları Rossiyalıq bahalaw 3, 5, 8, 10, 12 ochkolı bahalawǵa ótken.

1917-jılǵa deyin oqıwshılardıń bilimi ball sistemasında bahalandı. Baha nolden beske deyin 6 ballıq sistemada qoyıldı. Keyin nollik baha qoyılıp, 5 ballıq sistema qabıllanadı. Oqıw nátiyjesi ball boyınsha bahalaw hár qiylı kózqaraslar tuwdıradı.

Yaponiyanıń bahalaw sisteması júdá qızıq. Yaǵnıy, 100 ochkolıq bahalaw bolıp, onda oqıwshınıń dárejesi jeke bahalanbaydı. Sherek sońında pútkil klasqa bilim sapasınıń barlıq payızı hám úlgeriwiniń ortasha ochkosı shıǵarıladı. Biraq sońǵı waqıtları bunday bahalaw haqıyqıy emes degen pikirler kóp aytılmaqta, sonlıqtan yaponiyalıqlar bul bahalaw sistemasınan bas tartıwı múmkin. Ullıbritaniyada cifrlıq bahalawdıń ornına sózlik bahalaw qollanıladı. Bul oqıwshınıń jumısın tolıq jáne ján-jaqlama sıpatlawǵa múmkinshilik beredi.

Cifrlı ekonomikanıń jedel rawajlanıwı nátiyjesinde ulıwma insanıylıq hám ruwxıy qádiriyatlar hám de kompetenciyalıq qatnaslar tiykarında oqıwshılarǵa tálim beriwdiń nátiyjeli formaları hám usılların tálim sistemasına engiziw arqalı oqıwshılardıń IKT sawatlılıq dárejesin arttırıw, kadrlardı maqsetli hám sapalı tayarlaw búgingi kúnde áhmiyetli máselelerden biri sanaladı.

Oqıwshılardıń IKT boyınsha ilimiy dúńyaǵa kózqaraslarin qáliplestiriwde, tiykarlap beriwde Informatika hám informaciyalıq texnologiyaları oqıw predmeti zárúr áhmiyetke iye. Xalıq bilimlendiriw sistemasında ulıwma orta bilim beriwdiń Milliy oqıw bağdarlaması tiykarında oqıtıwdı názerde tutadı. Bahalaw eki keń taypanı óz ishine aladı : Formativ hám summativ bahalaw.

Formativ bahalaw - oqıtıw processinde oqıtıwshılar tárepinen qabıl etilgen rásmiy hám rásmiy bolmaǵan bahalaw usılları kompleksi "Formativ bahalaw" dep ataladı. Formativ bahalaw oqıtıwshılarǵa da, oqıwshılarǵa da onıń iskerligi hám úyreniwi boyınsha tuwrıdan-tuwrı hám tolıq pikirler beriwge háreket etedi. Bul oqıw processinde oqıwshılardıń mútájlikleri hám rawajlanıwın gúzetetuǵın turaqlı process. Formativ (turaqlı bahalaw) oqıwshı hám oqıtıwshıǵa óz jumısların durıslaw, juwmaqlawshı jumıs aldınan júzege keliwi múmkin bolǵan kemshiliklerdi saplastırıw imkaniyatın beredi.

Summativ bahalaw - degende oqıwshılardı bahalaw túsiniledi, ol nátiyjege qaratılǵan. Bul qatnasıwshılarǵa waqtı-waqtı menen, ádette kurs yamasa bólim juwmaqlanǵanda beriletuǵın bahalaw processiniń bir bólegi bolıp tabıladı. Maqset -oqıwshılardıń bilimlerin tekseriw, yaǵnıy olar ózleri úyrengen materialdı qanday dárejede úyrengenligin tekseriw.

Summativ bahalaw, sabaq yamasa bağdarlama nátiyjeliligin bahalawǵa umtıladı, oqıw processin tekseredi. Oqıw bağdarlamasınıń sapasın kórsetetuǵın hám mekteplerde reyting ushın tiykar jaratatuǵın kórsetkishler retinde alınǵan ballar yamasa procentler formasında boladı. [3:21].

Bul eki bahalaw proceduraısınıń tiykarǵı ayırmashılıǵı sonda, qáliplestiriwshi bahalaw oqıw processiniń bir túri bolsa, summativ bahalaw bul bahalaw processi bolıp tabıladı. Balanslı bahalaw ekewine de tiykarlanadı, bul oqıtıwshılardıń keyingi basqıshları boyınsha zárúr maǵlıwmatlardı hám oqıwshılardıń kontent standartı boyınsha bilimlerin ólshewdi támiyinleydi.

Rásmiy bahalaw. Rásmiy bahalawda test, viktorinalar hám jobalardı óz ishine aladı. Bunda oqıwshılar aldın-ala oqıp, bul bahalawǵa tayarlana aladı hám muǵallim ushın oqıwshınıń bilimin ólshew menen oqiw úlgerimin bahalaw ushın sistemalı qural bolıp tabıladı.

Rásmiy emes bahalaw. Rásmiy emes bahalaw - bul tosattan beriletuǵın sınaqlarǵa tiykarlanǵan qural. Sebebi, aldınnan tayarlıq az bolǵanlıǵınan hám nátiyjelerdi bahalawdıń keregi bolmasa, bul bahalaw muǵallimlerge oqıwshınıń ulgerimin seziniwge, sonıń menen birge qosımsha oqıtıwı kerek bolǵan tarawlardı anıqlawǵa inkaniyatlar beredi. Rásmiy emes bahalaw muǵallimge oqıwshılardıń kushli hám kúshsiz táreplerin anıqlawǵa jáne endigi bolatuǵın sabaqlarında basshılıqtı jobalawǵa járdem beredi.

Bunnan tısqarı bahalawdıń basqa túrleri de bar bolıp, bular:

Diagnostik - Oqıwshı bilimin aldınnan bahalaw;

Tastıyıqlaytuǵın - Úyretiw usılı natiyjeliligin bahalaw;

Normativ - Normativ bilim dárejesi menen salıstırıw;

Kriteriyalı - Tálim standartları boyınsha bahalaw.

Kórsetkishli - bul onıń mazmunın ashıp beretuǵın jeke kriteriya. Oqıwshılardı anıq pánler boyınsha summativ bahalaw processlerinde tiykarınan kriteriyaǵa tiykarlanǵan bahalawǵa tayanıwı kerek.

Kriteriyaǵa tiykarlanǵan bahalaw - bahalanıwshınıń tálim processinde qolǵa kirgizgen nátiyjelerin, bilim, kónlikpe hám uqıplılıqların aldınnan belgilengen oqıw maqsetleri tiykarında islep shıǵılǵan, hámme ushın ulıwma hám birdey kriteriyalarǵa kóre salıstırıw hám ólshewden

ibarat bolǵan bahalaw forması bolıp tabıladı [2:16].

Kriteryalıq bahalaw sistemasınıń metodologiyalıq tiykarları V.P.Bespalkonıń kriteriyalarǵa baǵdarlanǵan texnologiyası bolıp tabıladı. Onıń kriteriyalıq bahalaw teoriyasınıń tiykarǵı qaǵıydaları oqıtıw talaplarınıń parametrleri dástúriy bilimberiw processine tiykarlanadı, al oǵan tirkelmegeni oqıtıw nátiyjesi bolıp qaladı. Amerikalı psixologlar J.Keroll hám B.Blum tárepinen islep shıǵılǵan qaǵıydalarǵa tiykarlanıp, turaqlı parametrler esabında oqıtıw nátiyjelerin alıp qarawǵa boladı, V.P.Bespalko bahalaw sistemasın rawajlandırıwǵa, ózgertiwge háreket etti. Bunday jaǵdayda, amerikalı psixologlar teoriyasına sáykes, oqıtıwdıń basqa talaplarınıń parametrleri barlıq bilim alıwshılardıń berilgen kriteriya nátiyjesine jetiw basqa oqıw talapları parametrleri ózgerip turadı. Usınday usıl tiykarında kriteriyalıq oqıtıw texnologiyası payda boldı. Bul texnologiyanı «tolıq meńgeriw texnologiyası» dep atadı [4:24].

Oqıw baǵdarlamasındaǵı kútiletuǵın nátiyjelerge jetiw maqsetinde oqıwshılardıń bilim alıwındaǵı jeke rawajlanıwına dúzetiwler eńgiziwge imkaniyat beretuǵın, oqıwshınıń oqıw jetiskenligin aldın ala anıq bahalaw kriteriyaları menen sáykesligin bahalaw. Grek tilinen «kriterion» - pikir aytıw quralı degen sózinen shıqqan. Yaǵnıy, baha beriletuǵın belgi, bir nárseni anıqlaw, pikir beriw ólshemi.

Tálim processinde qadaǵalaw kóp formalı bolıp hám hár túrli usıllar menen ámelge asırıladı. Pedagogikalıq ámeliyatta qadaǵalawdıń bir neshe túrlerin atap ótiwimiz múmkin:

Aldınnan qadaǵalaw ádette diagnostikalıq wazıypalarǵa qaray ámelge asırıladı. Maqset oqıw baslanıwınan aldın oqıwshılardıń iyelegen bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlarınıń dárejesin anıqlaw. Bul jumıs oqıw jılınıń basındaǵı tema baslanıwınan aldın ámelge asırıladı.

Mazmun mánisi boyınsha baqlaw, bunda qadaǵalaw keri baylanıstı qáliplestiriwdi támiyinleydi, yaǵnıy oqıwshılardıń oqıw iskerligi nátiyjeleri boyınsha maǵlıwmatlardı alıw múmkinshiligin ashadı. Oqıtıwshı oqıwshılardıń qaysı temanı qanday dárejede meńgergenin, jańa maǵlıwmatlardı qabıllawǵa qanshelli tayın ekenliklerin anıqlaydı. Sonıń menen birge oqıwshılardıń óz betinshe jumıslarınıń sapası gúzetiledi. Bul qadaǵalaw nátiyjesinde oqıtıwshı tárbiyalıq jumısınıń qanshelli nátiyjeli bolǵanlıǵın, pedagogikalıq processtiń múmkinshiliklerinen qanday dárejede oqıw maqsetlerinde paydalanǵanlıǵın analizleydi. Baqlaw, qadaǵalaw waqtında oqıwshınıń ózi de oqıw jumısı nátiyjeleri boyınsha maǵlıwmat ala aladı. Bul oǵan bilimlerdi ózlestiriw processinde qanday jetiskenliklerge eriskenligin hám de ózlestiriwde kemshilikleri sabaqlıq programmasınıń qay jerinde ekenligine kózi jetedi. Usınday turaqlı ráwishtegi qadaǵalawdan oqıwshınıń tártip intizamı jaqsılanadı, málim jumıs barısına úyrenedi, unamlı xarakter hám erikli bilim alıw sıpatların rawajlandıradı.

Kúndelikli qadaǵalaw-oqıw barısı dawamında shólkemlestirilip, bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlardıń qáliplesiw dárejesin, sonıń menen birge úyrenilgen materialdıń qanshelli tereń hám bekkemligin anıqlaw ushın qollanıladı. Bul qadaǵalawdıń tıyımlılıǵı oqıwshılar bilimindegi kemshilik hám boslıqlardı waqtında anıqlaw, baǵdarlama maǵlıwmatların ózlestiriwge kómeklesiw imkaniyatın beredi. Kúndelikli qadaǵalawdıń durıs jolǵa qoyılıwı oqıwshılardıń hár bir sabaqqa puqta tayarlanıw juwapkerligin asıradı.

Aralıq qadaǵalaw - belgili waqıt dawamında jumıs nátiyjelerin alıw ushın isletiledi. Sherek aqırında yamasa jıl yarımınıń aqırında ótkeriledi.

Tematikalıq qadaǵalaw - tema, bólim materialları ótilgennen keyin ámelge asırıladı.

Juwmaqlawshı qadaǵalaw - oqıw processiniń juwmaqlawshı nátiyjelerin ulıwmalastırıw ushın ótkeriledi. Bul pán boyınsha bilim, kónlikpe hám uqıplılıqlar sistemasın óz ishine aladı.

Bahalaw sisteması quramalı hám kóp funkciyalı sistema bolıp, ol oqıwshılar iskerligi nátiyjelerin ámeldegi hám juwmaqlawshı bahalawdı, pedagog hám mekteptiń xızmetin bahalawdı, bilimlendiriw sisteması iskerliginiń nátiyjelerin bahalawdı óz ishine alatuǵın quramalı sistema bolıp tabıladı.

Bahalaw erisiwge bolatuǵın, anıq hám ashıq túrde boladı. Ol tiyisli maǵlıwmatlardı waqtında usınıw imkaniyatın beredi, oqıwshılardıń ózin-ózi tártipke salıw rejimin islep shıǵadı, processke qatnasıwshılardıń juwapkerlshiligin arttıradı. Bahalaw úzliksiz ótkeriledi hám oqıwshılardıń oqıw jetiskenliklerin anıqlawǵa, individual rawajlanıw traektoriyasın islep shıǵıw múmkinshiliklerin jaratadı. Bahalaw mektep, mektep xızmetkerleri hám oqıwshılardıń rawajlanıw baǵdarın anıqlaw jolındaǵı tiykarǵı faktor bolıp tabıladı. Bul processke qatnasıwshılardıń óz wazıypaların orınlawdaǵı kompetentligin asırıwǵa kómeklesedi.

Informatika hám informaciyalıq texnologiyaları páninen oqıwshılardıń bilim hám ámeliy kónlikpelerin bahalaw ushın dúziletuǵın tapsırmalar anıq pánler boyınsha oqıwshılarǵa qoyılatuǵın talaplardı bahalay alıwı kerek boladı. Onıń ushın standant test tapsırmalarınan tısqarı standart bolmaǵan tapsırmalardan da paydalanıw kerek.

Juwmaqlap aytqanda, “Informatika hám informaciyalıq texnologiyaları” páninde oqıwshılardıń ózlestirgen bilim hám kónlikpekerin ádalatlı, belgilengen standartlar tuykarında bahalanıwı zárúr. Sebebi, bahalaw sisteması úzliksiz bilimlendiriwdiń ajıralmas bólegi esaplanadı. Bu sistema durıs jolǵa qoyılmasa, oqıwshılar bilim hám kónlikpeleri belgilengen tártipte bahalanbasa, bilimlendiriw sapasına keri tásir etiwi múmkin. Bahalawdıń barlıq basqıshların shólkemlestiriwde, oqıw tapsırmaları, test sorawların MBS minimal talapların esapqa alıp, belgilengen qaǵıydalar boyınsha dúziw maqsetke muwapıq boladı.

## Ádebiyatlar


1. Oʻzbekiston Respublikasi Prezidentining 2022-yil 11-mayda “2022-2026 yillarda xalq ta'limini rivojlantirish boʻyicha milliy dasturni tasdiqlash toʻgʻrisida”gi PF-134-son Farmoni
2. Система критериального оценивания учебных достижений учащихся. Методическое пособие. – Астана: Национальная академия образования им. Ы.Алтынсарина, 2013. –С.80.
3. Кохаева Е.Н. Формативное (формирующее) оценивание: методическое пособие. /Е.Н.Кохаева. Астана: АОО «Назарбаев-ские Интеллектуальные школы» Центр педагогического мастерства, 2014. –С. 66.
4. Беспалько В.П. Слагаемые педагогической технологии. – М.: Педагогика, 1989. – С.192.
5. Ishmuxamedov R.J., Yuldashev M. Ta’lim va tarbiyada innovatsion pedagogik texnologiyalar. – T.: “Nihol” nashriyoti, 2016. 279-b.



**REZYUME.** Ushbu maqolada, informatika va axborot texnologiyaları darslarida, oʻquvchilarning bilimlarini baholash shakllari va usullari boʻyicha maʼlumotlar berilgan. Shuningdek, oʻquvchilarning bilim va koʻnikmalarini baholashning bir nechta turlari va ularni oʻtkazish tartiblari boʻyicha koʻrsatma va tavsiyalar keltirilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье представлена информация о формах и методах оценки знаний учащихся на уроках информатики и информационных технологий. Также имеются инструкции и рекомендации по нескольким видам оценивания знаний и умений обучающихся и порядкам их проведения.

**SUMMARY.** This article provides information on the forms and methods of assessing students' knowledge in computer science and ICT(information and communication technology) lessons. There are also instructions and recommendations on several types of assessment of knowledge and skills of students and the procedures for their implementation.